

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran jeung hasil panalungtikan dina bab 4, hasil panalungtikan bisa dicindekkeun ieu di handap.

a) Unsur léksikal basa Sunda ragam lisan, dumasar kana prinsip struktur léksikal kapanggih aya dua adegan léksikal atawa rélasi semantis, nyaéta (1) kecap saharti (sinonim) nu jumlahna aya 14 kecap, jeung (2) kecap wacahan (adverbia) nu ngawengku kecap tingkesan, singgetan, jeung tangkesan aya 17 kecap. Kecap-kecap tina unsur léksikal dina ragam lisan nu lolobana nyaéta kecap panambah aya 19 kecap (5,39%), kecap panyeluk aya 11 (3,12%), anu pangsaeutikna mangrupa kecap pananya aya 8 kecap (2,27%).

b) Adegan morfologis ragam lisan nu dipaké umumna (15,62%) mangrupa kecap rundayan, wangun kecap rajékan (2,27%), jeung nu pangsaeutikna nyaéta kecap kantétan (0,85%).

c) Campur kode nu kapanggih dina basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang umumna (55,81%) tina basa Indonésia, tina basa Betawi jeung basa Inggris masing-masing (16,27%), tina basa Slang (6,97%), sarta anu pangsaeutikna (2,32%) asalna tina basa Jawa jeung basa Arab.

d) Faktor-faktor nu mangaruhan ayana campur kode di antarana waé, siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang nu dumuk di lingkungan séké sélér Sunda teu kabéh babaturana urang Sunda. Ku kituna, dina nyarita sapopoé boh di lingkungan kulawarga jeung masarakat, boh di lingkungan sakola ngagunakeun basa campuran, nyaéta basa Indonésia jeung basa Sunda. Tangtu waé dina makéna dua basa sakaligus bakal silih pangaruhan jeung pacorokna éta dua basa. Siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang salaku panyatur basa Sunda, ku sabab diperedih kudu nyarita maké basa Indonésia nalika lumangsungna kagiatan diajar di kelas,

ngomong jeung guru-guru, tangtu waé bakal mangaruhan kana pangaweruh kekecapan dina basa Sunda.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikaweruh ragam basa Sunda lisan nu dilakukeun ku siswa SMAN I Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupatén Bogor. Ku samporétna waktu panalungtik dina migawé ieu panalungtikan, katambah-tambah kawatesanan ku référénsi pikeun nalungtik data, ngabalukarkeun panalungtikan ieu téh réa pisan kahéngkérana. Sanajan panalungtikan ieu loba kahéngkérana, mugia ka hareupna bisa jadi jalan pikeun panalungtikan ngeunaan ragam basa lisan.

Ka para siswa SMAN I Cibungbulang, panalungtik ngarasa reueus, sabab sanajan sawaréh siswana aya nu ti séké sélér lain urang Sunda, tapi kabuktian dina nyarita sapopoé boh di lingkungan kulawarga atawa masarakat, boh di lingkungan sakola, masih kénéh ngagunakeun basa Sunda, sanajan dicampur jeung basa Indonésia. Pikeun guru-guru nu aya di sakola, hususna guru mata pelajaran basa Sunda supaya ngawajibkeun siswana pikeun nyarita maké basa Sunda nalika pelajaran basa Sunda di kelas, sarta nalika nyarita jeung guru basa Sunda di luar kelas.